EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 8.165 www.in-academy.uz




# ÍRIM'S: ETHNO-CULTUROLOGICAL RESEARCH ASPECTS

**Tairov Sharapatdin Shamshetdin ulı**
Trainee-researcher of the Research Institute of science of Karakalpak humanities
https://doi.org/10.5281/zenodo.13902046

**ARTICLE INFO**

Received: 03rd October 2024
Accepted: 07th October 2024
Online: 08th October 2024

**KEYWORDS**

*Rationality, irrotionality, Science, Trust, Society, tradition, magic, ırım, schools, pluralism.*

**ABSTRACT**

*Are irim's only irrational knowledge before the emergence of science, or can we see rational elements based on logical Sciences in irim's? The purpose of our article is to find out which school Theory will be useful to carry out our scientific work based on the emergence of Irim, one of the cultural phenomena, the study of the influence of Irim on man-made culture and the research of the theories of schools in ethnography. At the same time, ethnography consists in analyzing the existing theories of evolutionism, diffusionism, the school of sociologists, functionalists, ethnopsychology and the school of postmodernism.*

# ÍRIMLAR: ETNO-KULTUROLOGIYALÍQ IZERTLEW ASPEKTLERI

**Tairov Sharapatdin Shamshetdin ulı**
Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı stajer-izertlewshisi
https://doi.org/10.5281/zenodo.13902046

**ARTICLE INFO**

Received: 03rd October 2024
Accepted: 07th October 2024
Online: 08th October 2024

**KEYWORDS**

*Racionallıq, irrocionallıq, ilim, isenim, jámiyet, dástur, magiya, ırım, mektepler, plyuralizim.*

**ABSTRACT**

*Irımlar tek ilimler payda bolmasınan aldıngı irrocionallıq bilimlerma yaki ırımlarda logikalıq ilimlerge tiykarlanǵan racionallıq dáneshelerdi kóriwimiz múmkinba? Maqalamızdıń maqseti mádeniy hádiyselerden biri bolǵan ırım - shirimlerdiń payda bolıwı, qáliplesiwi, ırımlardıń insan tárepinen jaratılǵan mádeniyatqa tásirin úyreniw hám etnografiyadaǵı iri mekteplerdiń teoryaların úyrene otırıp, ilimiy jumısımızdı qaysi mektep teoryalarına tiykarlanıp alıp barsaq nátiyjeli bolıwın anıqlawǵa qaratılǵan. Soniń menen birge, etnografiya ilimindegi evolyucionizim, diffuzionizim, sociologlar mektebi, funkcionalistler, etnopsixologiya hám postmodernizm mektebi teoriyaların analizlew.*

Xalıqlardıń dástúrlerin, ruwxıy mádeniyatı esaplanǵan ırımlardıń payda bolıw deregin úyrengenimizde ırımlardıń transformaciyalanıwı yaki kóplegen ırımlardıń zamanagóy dúnyada joq bolıp ketiw sebeplerin úyreniw mashqalası turadı. Bul kóz qarastan qaraqalpaq

xalqınıń zamanagóy biraq ilimiy bilimge tiykarlanbaǵan ideyaları hám háreketlerine qarsı gúresiw aktual esaplanadı. Irımlar kóbinese ómirdiń qıyın dáwirlerin jeńip ótiwge qaratılǵan bolǵanlıǵı ushın olar xalıq dástúrleriniń hám madeniyatınıń eń konservativ tareplerinen biri esaplanadı, sonıń ushın ırımlardan arxaik isenimlerdi úyreniw ushın derek sıpatındada qollanıw múmkin. Jáne bir áhmiyetli tárepi zamanagóy ırım kóz qaraslardı olardıń ózine tánligin úyreniw aldıńǵı dáwir isenimlerinde óz ishine aladı [1, C.196].

Jer júzinde insan payda bolǵanınan búgingi kúnge shekem ırımlar insan menen birge jasap kiyatır. Áyyemgi dáwirde jasaǵan xalıqlardıń mádeniyatın yaki antik dáwir civilizaciyasın úyrengenimizde insanlar qánsheli dárejede kóp nárselerdi biliwge qızıqqanın, tábiyat hádiyselerine qansheli dárejede itibarlı bolǵanlıǵın kóremiz. Insanlar ásirler boyı hátte búgingi kúndeda ómirinde júz berip atırǵan waqıyalardı magiya menen baylanıstırıwǵa hámde islenip atırǵan isiniń nátiyjesiniń qanday bolıwı iláhiy kúshlerdiń tásirine baylanıslı dep túsinedi. Bul baylanıstı ornatqanımızda ózlerimizdi birqansha qáwipsiz sezemiz hám bul jaǵdayda júz berip atırǵan waqıyanıń yaki táqdirimiz ústinen baqlaw ornatqanday bolamız. Máselen 29.05.2024 kúni mennen qarındasım búgin imtihani bar ekenligi (Túrk tili sertefikatın alıw ushın) saat tórtte (16:00) imtihanǵa barsam ashıq boladıma dep soradı, ne ushın saat tórtte (16:00) imtihanǵa kirejaqsań dep soraǵanımda tórt sanı ol ushın áwmetli ekenligin ayttı. Bunnan basqa ómirde tez tezden gúwası bolatuǵın biraq tiykarı shet el mádeniyatınan kirip kelgen qara pıshıqtıń jolımızdı kesip ótkenin jamanlıqtıń belgisi dep bilemiz hám izimizge jeti adım qaytamız yaki basqa bir insannıń ótip ketiwin kútemiz [2.vikipediya]. Turmısta bunday waqıyalarǵa tez tezden dus kelemiz, bunday ırımlardı islew arqalı ómirimizdegi juwapkershilikli waqıyadan aldın ishki qorqıw albırawlarımızdı yaki stressimizdi azaytıwımız múmkin.

Xalqımızdıń bolsın yaki basqa xalıqlardaǵı ırımlar bolsın ırımlardıń júdá basım kópshiligi ilimiy dáliylin tappaǵan bolsada ne ushın ırımlarǵa insanlar elege shekem isenedi. Írımlardıń insan ómiriniń ajıralmas bólegi bolıp qalıwında álbette insannıń isenimi eń tiykarǵı faktor esaplanadı. Biraq isenimge baylanıslı birqansha qáte kóz qaraslar payda bolıwı múmkin. Máselen hárqanday ilimiy dáliylge bolǵan mútájlikti biykarlaw hám isenimdi sezimlerge túsirip taslaw arqalı insannıń racionallıq bilimlerge tuwrı kelmeytin sezimlerin birinshi planǵa shıǵarıwı nátiyjesinde qáte isenimlerdiń payda bolıwı. Bunday kóz qarastıń qáte ekenligi anıq, sebebi bul jerde isenimnıń sebebi onıń obektleri menen aralastırıladı. Isenim heshqanday obektke iye bolmasada óziniń áhmiyetliligin joytadı. Máselen men isenemen biraq men isenetin heshnárse joq dew absurt pikir bolar edi. Hárqanday isenimde haqıyqat dep tán alınǵan poziciyada sáwlelengen mazmundı kóriwimiz múmkin [3, C.24] . Máselen abiturienttiń joqarı oqıw ornına imtihan tapsırmasınan aldın, joqarı oqıw ornına ózinen aldın kirgen studenttiń ruchkasın ırım etip alıwı yamasa hártúrli zıyarat orınlarına barıp ziyarat etiwi joqarı oqıw ornına kiriwine járdem beredi dep iseniwi [4, C.28].

Kúndelikli turmısımızda jolın qara pıshıq kesip ótken waqıtta júzege keliwi múmkin bolǵan kewilsizliktiń aldın alıw ushın, arqaǵa qaytqan adamlardı, yaki úyiniń tóbesine bayıwlınıń kelgenin usı úydegi bir insannıń óliminiń deregi dep qorqıp bayıwlını quwmaqshı bolǵan waqıyalarǵa dus kelemiz. Usıǵan uqsas kóplegen ırımlar insannıń fantaziyasınan kelip shıqqan, bulardıń ayırımları ótmishte qalıp ketken, al ayırımları mánisiz ekenligi anıq bolsada búgingi kúnge shekem saqlanıp qalǵan. Alǵashqı dáwir adamların kóz aldımızǵa keltireyik.

Olardıń kúndelikli ómiri bul ómirde tiri qalıw ushın úzliksiz gúresten ibarat awır turmıs edi. Alǵashqı adamlar olardı orap turǵan dúnya haqqında heshqanday bilimge iye bolmaǵan. Dúnya olar ushın júdá túsiniksiz edi, máwsimlerdiń almasıwı, ne ushın keshki waqıtta quyashtıń batıwın, jawınnıń jawıwı, ne ushın tańnıń atıwınıń sebebin bilmegen. Uzaq waqıt dawamında adamlar ottı qalay jaǵıwdı, esap sanaqtı hám waqıttı qalay esaplaw kerek ekenligin bilmes edi. Bul dúnyanı túsiniwge háreket etip insan ózine mıńlaǵan "ne ushın" degen sorawlardı berdi, biraq kóbinese bul sorawlarǵa durıs juwap taba almadı.

Ustazlarımız tárepinen berilgen qıyın máselelerdi sheshiw qánsheli qıyın bolǵanlıǵın esleń. Bir durıs juwaptı tabıw ushın aldın qansha qáte juwaplar oyımızǵa keledi. Usınday process uzaq aǵayinlerimiz esaplanǵan, alǵashqı adamlar menen júz bergen, olar ushın ómir hár kúni jańa qıyınshılıqlardı keltirip shıǵardı. Alǵashqı adamlar bul sorawlarǵa juwap izledi hám kóbinese qátelesip, qáte pikirlerdi keltirip shıǵardı, keyinshelik bul qáte túsinikler ırım dep ataldı [5, C.6].

Qaraqalpaqlardıń júdá ırımshıl xalıq ekenligi sózsiz, bul úrp-ádet dástúrlerindegi háreketlerinen belgili. Insan tuwılǵanınan baslap bul dúnyanı tárk etkenge shekemgi isleniletin dástúrleriniń hár birinde ırımlar shártli túrde orınlanadı, bul ırımlardıń orınlanıwında hám áwladtan áwladqa jetip barıwında jası úlkenlerdiń tásiri kúshli. Úrp ádet dástúrlerimiz xalqımızdıń kóp ásirlik tájriybesinen kelip shıqqan, sonday eken ırımlardıń kópshiligi dástúrler menen birge jasaydı. Írımlardı úyreniw arqalı úrp ádet dástúrlerimizdiń payda bolıwı haqqında ulıwma túsinikke hám ırımlardıń qaraqalpaq xalqınıń ruwxıylıǵında, kúndelikli turmısında, bala tárbiyasında, ulıwma mádeniyatınmızdaǵı oksiologiyalıq ornın ashıp bere alamız. Biraq sonıda itibardan shıǵarmawımız kerek, búgingi globallasıw dáwirinde qaraqalpaq dástúrlerindegi kóplegen ırımlardıń transformaciyalanıwın yaki basqa xalıqlardıń ırımlarınıń mádeniyatımızǵa kirip keliwin kóriwimiz múmkin. Álbette búgingi zamanagóy dáwirde mádeniyatlardıń úzliksiz integraciyalanıwı processinde bul normal jaǵday.

Biraq hárbir xalıq mádeniyatında eskiliktiń qaldıqları bolıwına qaramastan kóp ásirler dawamında júdá keń tarqalǵan hám saqlanıp kiyatırǵan ırımlar yaki úrp ádetler bar. Bunday sanı sanaǵı joq ırımlardı qaraqalpaq mádeniyatındada ushratıwımız múmkin. Waqıttıń ótiwi menen mádeniyatta turmısta hár túrli sociallıq ózgerisler bolıwı múmkin, biraq bul óz aldına jańalanǵan emes bálki eski túsiniklerdiń dawamı. Bunday aman qalǵan mádeniyat, eski ırımlardıń turaqlılıǵı qandayda bir eski mámlekettiń miyrası bolıp, onda túsiniksiz qalǵan ádetler hám kóz qaraslarǵa túsinik beriw kerek, sonıń ushın bunday faktlardıń sistemalasqan jıyındısı etnografiya ilimin úyreniwde predmet wazıypasın atqaradı [6, C. 43].

**Evolyucionizm.** Búgingi kúnde hár qanday mádeniyattı úyrengenimizde eń dáslep ilimiy mekteplerdiń tendensiyaların, konsepciyaların úyrenemiz hám solar arqalı insanıyattıń mádeniy tájriybelerin, mádeniy dáwirlerin talqılaymız. Etnologiya pán sıpatında qáliplese baslaǵan dáwirden baslap birqansha teoriyalıq hám ámeliy áhmiyetke iye bolǵan mektepler jónelisler qáliplesti. Bunday mekteplerden evolyucionizim mektebi eń dáslepkisi bolıp, mádeniyatlardıń qanday taqılette basqıshpa basqısh rawajlanıw ideyasın yaki ishki determenizimdi baslı maqset etip qoyadı. Bul ápiwayıǵana rawajlanıw basqıshı emes, bálki bir birinen tábiyiy hám ástelik penen ósip, úzliksiz rawajlanıp barıwshı basqısh. Egerde evolyucionizim mektebiniń usı tárepin mádeniyatlardıń ulıwma rawajlanıwı sheńberinde kórip shıqsaq, bul process dawamında pánler hám ilimiy jónelislerdiń differensiyası hám

integraciyasında evolyucionizim mektebiniń ornı úlken dárejede ekenligin kóremiz. Evolyucionizm ideyası tábiyiy hám gumanitar pánlerde keń qollanıladı. Evolyucionizm mektebi konsepciyalarına tiykarlana otırıp mádeniyatlardıń kelip shıǵıwı hám onıń elementleri mádeniyattıń qasiyeti, onıń funkcional maqseti, insan hám mádeniyattaǵı social hám tábiyiy múnásibetler mashqalaların ajıratıp kórsetiwimiz múmkin [7, C.3].

Evolyucionizm taliymatı XVII ásirlerden payda bola basladı. XVIII ásirde evolyucionizm ideyası tiykarında Emmanuel Kant hám Per Simon Laplas tárepinen astronomiyada kosmogonik teoryası, Charlz Layeldiń geologik teoryası, bilogiyada bolsa Charlz Darvinniń "Túrlerdiń tábiyiy tańlanıwı tiykarında payda bolıwı" shıǵarmaları payda boldı [8, C.317].

**Diffuzionizm.** Bul mekteptiń baslı ideyası mádeniyattıń kórinisleriniń belgili bir orında payda bolǵanlıǵı hám olardıń kelip shıǵıw ornın, xalıqlardıń aymaqlıq, genetik hám kontakt múnásibetlerin anıqlaw, mádeniyattıń bir orınnan basqa orınǵa (sawda-satıq, basqınshılıq, xalıqlardıń kóshiwi), qanday usıl menen jayılıw sebeplerin anıqlawdan ibarat. Diffuzionistler mádeniyatqa insan jasaytuǵın jasalma dúnya dep baha beredi [9, C.368].

R.Dikson óziniń "Mádeniyattıń qurılıwı" kitabında eki basqıshtı yaki diffuziyanıń eki, birlemshi hám ekilemshi kórinisin keltirip ótedi. Birlemshi kóriniste ashılıw hám oylap tabıwshı alımlar arasında payda boladı, biraq bul topardaǵı jańalıqlar ózgeriske ushrap hátte joq bolıp ketiwida múmkin. Ekilemshi kóriniste hádiyseniń mádeniy topardan tısqarıǵa tarqalıwı yaki ol payda bolǵan aymaq. Kórinip turǵanınday innovaciyalar qánsheli dárejede kúshli bolmasın hám tarqalmasın birinshi náwbette jańa aymaq adamları onı qádirlew kerek. Zamanagóy dúnyada globalizaciya nátiyjesinde mádeniy hádiyseler hám komplekslerdiń úzliksiz tarqalıwın kóremiz. Sonday eken, globallasıw dáwirinde payda bolıp atırǵan jańasha mádeniyatlardıń payda bolıw ornın, sebebin hám mádeniyatımızǵa qanday jol menen kirip kelip atırǵanlıǵın úyrenbekshi bolsaq, júz berip atırǵan ózgerislerdi diffuzionizm mektebiniń konsepciyaları tiykarında analizleymiz [10, C.80].

**Sociologiya mektebi**. Etnografiya pánindegi jáne bir úlken mekteplerden fransuz sociologiya mektebi ózinen aldińǵı evolyucionizm, diffuzionizm mekteplerinen ideyalarınıń kóp túrliligi menen parq qıladı. Bul mektep iri wakilleri E.Dyurgeym, Levi Bryul, Marsell Moss h.t.b. E.Dyurggeym hám Levi Bryul sociologiyaǵa basqa jámiyetlik pánler etnografiya, statistika, huquqtanıwshılıq, siyasıy ekonomika pánlerin óz ishine alıwshı universal ilim sıpatında qaraydı. Sebebi olardıń kóz qarası boyınsha basqa ilimlerdiń hámmesi aqır sońında sociallıq faktlardı biliw menen shuǵıllanadı [11, C.15]. Etnosociologlar mádeniyattı insannıń tek materiallıq hám ruwxıy ónimi dep emes bálki, qádiriyatlar, normalar, adamnıń jámiyetlik hám morallıq tárepten ózin ózi sáwlelendiriwi sıpatında qaraydı. Mádenyattı sociologiyalıq aspektte úyrengenimizde ırım, diniy isenim, máresim qusaǵan taǵıda basqa kóplegen mádeniyatlar kollektiv sana arqalı júzege kelgenligin kóriwimiz múmkin. Sociologiya mektebi wakilleri etnologiyanıń tiykarın jámiyette dep esapladı hám hár bir jámiyettıń jeke morallıq normaları bar bolıp waqıttıń ótiwi menen ózgeriwida múmkin. Búgingi kún mádeniyatınıń atqaratın xizmeti bolsa adamlardı jaqınlastırıw hám jámiyetti erkinlestiriwden ibarat [12, C.149].

**Funkcionalizm.** Bul mektep Anglyada payda bolıp, XX ásirdiń baslarınan etnologiyadaǵı jetekshi mekteplerdiń birine aylandı. Bul mekteptiń izzertlew obekti mádeniyattıń qanday háreketleniwi, atqaratın wazıypasın anıqlawdan ibarat. Funkcionalistler mádeniyatqa islep shıǵarıw, tutınıw tovarları, insanlar arasındaǵı qarım qatnas qaǵıydaları, ónermetshilik,

ideyalar, isenim hám úrp-ádetlerdi óz ishine jámlestiriwshi bir pútin sistema sıpatında qaraydı. Funkcionalizm mektebiniń iri wákili B.Molinovskiy óziniń "Mádeniyattıń ilimiy teoryası" kitabında mádeniyat teoryası eń dáslep biologiyalıq zárúrliklerge tiykarlanıwı kerek degen pikirdi qoyadı. Máselen ápiwayı mádeniyat adamlarıda, quramalı mádeniyat adamlarıda eń dáslep ápiwayı zárúrliklerdi ( awqat tabıw, ózine qolaylıqlar jaratıw, áwladtıń dawam etiwi hám hár bir wákildiń salamatlıǵın táminlew), qanaatlandırıwdan ibarat. Sol menen birge ómirdiń mádeniy sıpatı jańasha zárúrliklerdi hám jańasha imperiativlerdiń payda bolıwın yamasa insannıń is háreketlerinde jańasha sheklewlerdi payda etedi. Eger ilimiy jumısımızdı Funkcionalizm mektebi ideyası tiykarında talqılasaq heshqanday mádeniyat, úrp-ádet, dástúrlerdiń jańa zárúrliklersiz payda bolmawın kóremiz. Demek funkcionalizm mádeniy háreket hám insan zárúrlikleri ortasındaǵı múnásebetlerdi úyreniwshi jónelis [13, C.41].

**Etnopsixologiya.** (Grek tilinen. Ethnos-xalıq + psyche-ruwxıylıq + logos – táliymat). Bul mektep sociologiya, social psixologiya hám etnologiyanıń kesilispesinen júzege kelgen bolıp, xalıqlardıń turaqlı millet wákilleri sıpatında insanlar ruwxıylıǵınıń milliy qásiyetlerin úyreniwshi, olardıń minezi tarbiyasında kórinetin ilimiy bilimler tarmaǵı [14, C.32].

Bul mektep wákilleriniń tiykarǵı jónelisi insan hám mádeniyat arasındaǵı bir birine bolǵan tásirdi túsindiriwge qaratılǵan. Etnopsixolog alımlardıń pikirinshe máselen qaraqalpaq xalıq ırımların izzertlemekshi bolsaq eń dáslep qaraqalpaq xalqın qurawshı individlerdiń ózine tán psixologiyasın úyrenip shıǵıwımız kerek [15, C.43].

Etnopsixologiya mektebiniń rawajlanıwında M.Middıń orni úlken. Ol óziniń Jańa Gvineya, Arapesh tawı, Samoa qáwimleri arasında ótkergen dala izzertlewleri nátiyjesinde islegen miynetlerinde tiykarınan sol xalıqlardıń bala tarbiyasına áhmiyet bóledi. Onıń islegen miynetlerin birneshe áhmiyetli temalarǵa bólip kórsetiwge boladı. Birinshiden, balalıq etnografyası – xalıqlardıń jasaw kórinisiniń etnografik hám social qásiyetlerine qarap balalar hám jas óspirimlerdiń rawajlanıwı olardıń tárbiya nızamlıqları. Ekinshiden, gender mashqalası – erkek hám hayaldıń social rólin parıqlaw, erkeklik hám hayallıq stereotipler hám olar menen baylanıslı psixologik minez, erkek hám hayaldıń jınısıy etikası. Úshinshiden etnopsixologiyanıń mashqalaları, milliy harakterdiń payda bolıwı, etnik ózin ańlaw hám túrli xalıqlar ortasındaǵı psixik processlerdiń etnik mádeniy qásiyetleri. Usınday tájriybelerden kelip shıǵıp bir qansha zamanagóy psixologik-pedogogik mashqalalar talqılanǵan. Qaraqalpaq xalqında bala tárbiyasında kóplegen ırımlardı kóriwimiz múmkin [16, C.279].

**Postmodernizm.** Postmodernizm jónelisi eń zamangóy mekteplerden bolıp, eń dáslep isskustva hám qurılıs tarawında qollanıldı. XX ásirde júz bergen birinshi hám ekinshi jer júzlik urıslar, ilim texnikanıń rawajlanıwı, dúnyaǵa jańasha kóz qaraslar, ekologiyalıq apat h.t.b bul jónelistiń payda bolıwına sebep boldı. XX ásirdiń 70-jıllarınan baslap gumanitar ilimlerge kirip kele basladı. Bul jónelistiń atalıwına itibar beretin bolsaq modernnen keyingi degen mánis ańlatadı. Postmodernizm eń dáslep tekǵana dúnyaǵa kóz qaras sıpatında kóringen. Postmodernizmniń eń birinshi belgilerinen biri metanarativlerge isenimsizlik. Kópǵana pikirlerdi hátte racional teoriyalarǵa gúman menen qaraw, bárshe epistemologiyalıq tiykarlardı qaytadan islew kerek degen talaptı qoydı. Sonıń ushında aldıńǵı dáwirlerdegi kópǵana teoriyalardı biykarladı. Eger biz postmodernistlik aspektte mádeniyattıń qandayda bir kórinisin izertlemekshi bolsaq postmodernizmde birden bir haqıyqattıń joq ekenligin hám etnologiyadaǵı mekteplerdiń heshqaysısı mádeniyattı túsindiriwde birden bir jetekshi "Lider"

mektep bola almawın, bolıwı múmkin emesligin túsinemiz. Demek, basqa mekteplerdiń mádeniyatqa berilgen barlıq anıqlama hám teoriyaları birkarlanadı. Usınday eken bul jerde paradoks payda boladı. Heshqaysı mektep absolyut haqıyqattı túsindirip beriw uqıplılıǵına iye emes eken postmodernizm mektebiniń ózide bunday statusqa dawagerlik ete almaydı. Sonıń ushında etnologiyada keleshekte jańa jónelisler máselen metamodern, germenevtik antropologiyanıń payda bolıwı kútilmekte. Juwmaqlap aytqanda ilimiy jumısımızdı izzertlewde ilimiy plyuralizmnen paydalanıwdı maqul dep taptıq.[17].

## References:

1. Байдуж М.И. ИСТОРИЯ ИЗУЧЕНИЯ ГОРОДСКИХ СУЕВЕРИЙ ВО ВТОРОЙ ПОЛОВИНЕXIX — НАЧАЛЕ XXI в. // Вестник археологии, антропологии и этнографии. 2011. № 1. С. 196-...
2. vikipediya.
3. Ю.Бохеньский. Сто суеверий. Краткий философский словарь предрассудков. С.24.
4. Palımbetov. K.S. Qaraqalpaq xalıq isenim ırımları. Tash. “LESSON PZRESS” 2023. 28-bet
5. Дмитриев Юрий Дмитриевич. Тринадцать черных кошек. Москва.1988.С.6
6. Зайцева Татьяна Алексеевна. Автореферат. История Развития Эволюционисткиx Идей В Исследовании Архаических И Трпдиционных Обществ. Томск. 2005. С.3.
7. Л.С.Клейн. История археологической мысли. Издательство С.-Петербургского университета, 2011. С.317
8. Л.С.Клейн. История археологической мысли. Издательство С.-Петербургского университета, 2011. С.368
9. А.Н.Наймушина зАкономеРностИ И ФАзы кУльтУРной ДИФФУзИИ. С.80
10. Марсель Мосс. «Общества Обмен Личность» УНИВЕРСИТЕТ книжный дом Москва 15 с.
11. Этнографический метод в социологии романов п.в., ярская-смирнова е. Номер: №1-2 за 1998 год С.15.
12. Этнографический метод в социологии романов п.в., ярская-смирнова е. Номер: №1-2 за 1998 год С.149.
13. Бронислав Малиновский. “ НАУЧНАЯ ТЕОРИЯ КУЛЬТУРЫ”. Москва. 2005. С. 41
14. В.Г. Крысько. Состояние и Перспективы развития этнопсихология в России. // Вестник РУДН, сер. Психология и педагогика. 2003, №1. С.32
15. Г.Т. Тавадов. Этнология учебник. М.: Проект, 2002. С.43
16. М.Мид. “Культура и Мир Детства” Институт этнографии им. Н. Н. Миклухо-Маклая АН СССР. издательства «Наука» 1983 г. С.279
17. И.М. Горбунова, П.В. Прокопьева . СОЦИАЛЬНЫЕ ПРОБЛЕМЫ ПОЛА В ФИЛОСОФСКОМ АНАЛИЗЕ КУЛЬТУРЫ.